PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com


[6]. Квятовский А.П. Поэтический словарь. – Москва: Советская энциклопедия, 1966.
[7].Томашевский Б.В. Стилистика: Учеб. пособие. - 2-е изд., испр. и доп. - Л.: Изд-во ЛГУ.
[8]. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. II том. –Нөкис: Билим, 2018. Б3.
[9]. Язикова Ю.С. Анализ метафор стиля повести М. Горького «В людях» // Учен. зап. Дальневост. ун-та. Вып. 5.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада бадиий воситаларнинг алоҳида тури метафора буйича мулоҳазалар баён этилади. Бунда хорижий олимларнинг метафора назарияси буйича қарашлари ҳисобга олинади. Метафоранинг турлари, айниқса, поэтик метафора бўйича илмий тадқиқот ишлари сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены комментарии к метафоре как особому виду художественных средств. Учтены взгляды зарубежных ученых на теорию метафоры. Обсуждаются виды метафор, особенно поэтические метафоры.

**SUMMARY.** The article presents comments on metaphor as a special kind of artistic means. The views of foreign scientists on the theory of metaphor are taken into account. The types of metaphors are discussed, especially poetic metaphors.


## OQÍWSHÍLARDÍ ESTETIKALÍQ TÁRBIYALAWDA MUǴALLIMNIŃ ART ELEMENTLERINEN PAYDALANÍW SHEBERLIGI


**T.Saparbaev** – *professor w.w.a.*

**U.K.Paxratdinova** - *doktorantı*

*Ájiniyaz atındaǵı NMPI pedagogika kafedrası*



**Tayanısh sózler:** bilim beriw, jas áwlad, kórkem óner, kórkem óner oqıtıwshısı, pedagogikalıq sheberlik, estetikalıq tárbiya.

**Ключевые слова:** образование, молодое поколение, изобразительное искусство, учитель изобразительного искусства, педагогическое мастерство, эстетическое воспитание.

**Key words:** education, young generation, fine arts, fine arts teacher, pedagogical skills, aesthetic education.


Elimizde bilimlendiriw tarawina ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Jas áwladtı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalaw, kámil insanlar etip ósiriwde dáslep shańaraq, onnan soń mekteptiń ornı ayrıqsha. Mektep sózi (arabsha:) –muǵallim basshılıǵında jas áwladqa bilim beriletuǵın hám tálim-tárbiya isleri alıp barılatuǵın oqıw tárbiya ornı – degen mánini bildirgen [1.] Qaraqalpaqstanda dáslep meshit-medireselerde tálim berilgen. Ol jerde balalarǵa diniy bilimler menen birge dúnyalıq bilimler úyretilgen. Tereń bilim, oy-pikirge iye bolǵan oqıwshılar Xiywa, Buharadaǵı Kókaldash, Mirarab medireselerinde tálim alǵan. Asa bilimli, tereń pikirlewshi insanlar balalarǵa erinbesten tálim bergen. Degen menen, sol dáwirde de pedagogikalıq sheberlikke iye bolmaǵan ustazlar da bolǵan. Bunı Á.Shamuratovtıń "Eski mektepte", jazıwshı G.Esemuratovanıń gúrrińlerindegi waqıyalardı mısal retinde keltiriwimizge boladı.

Dáwirler ózgeriwi menen balalarǵa bilim beriwde de ózgerisler payda boldı. Ismayıl Gasparalı basshılıǵındaǵı "Jádidshilik háreketi" elimizge de tásirin tiygizdi. Munavvar qarı Abdurashitxanov, Chólpon, Abdurauf Fitrat, Abdulla Avloniy sıyaqlı jádidshiler bilim beriwdiń jańasha usılın qollana basladı. Jádid sózi (arabsha: *jadid* — jańa) – jańasha oqıtıw usılı degen mánini ańlatadi. Prezidentimiz tárepinen jadid babalarımızdıń miyrası joqarı bahalanıp, O'zbekistan Respublikası Prezidentiniń 2024-jıl 30-may kúnindegi PQ-201-sanlı "Jádidler miyrası mámleketlik muzeyi shólkemlestiriw haqqında"ǵı qararı qabıl etildi [3.]

Jádidshiler tárepinen keń en jaydırılǵan usılda oqıwshılarǵa bilim beriwde álipbege ózgerisler kirgizilip, jazıwdı úyreniw bir qansha ańsatlastı. S.Májitov tárepinen tayarlanǵan "Álipbe", "Oqıw kitabı", "Egedeler sawatı" sabaqlıqları qaraqalpaq jazıwın úyreniwge paydasın tiygizdi. Onnan soń, Qaraqalpaqstanda kirill álipbesi tiykarında bilim berildi. Oqıwshılarǵa sabaq ótiwde dástúriy usıllardan paydalanıp bilimler berildi. Dáwirler óte, ǵárezsizlik jıllarına kelip, elimizde barlıq tarawlarda jańalanıwlar júz berdi. 1997-jıl "Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızam" qabıl etildi. Latın alfavitine ótilip, mekteplerde sabaq ótiw "Mámleketlik tálim standartları" tiykarında ámelge asırıldı. Elimizde júz berip atırǵan jańalanıwlardıń barlıǵı insan máplerine xızmet etedi. Ózgerisler nápesi bilimlendiriw tarawına óziniń tásirin tiygizdi. 2022-jıl "Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızam" qabıl etildi. Jas áwladqa bilim beriwde shet el tájriybeleri paydalanıldı. Házirgi kúnde mámleketimizde bilim beriw Finlandiya

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com

ájriybesi tiykarında ámelge asırıladı [4.] Izertlewler nátiyjesinde Qaraqalpaqstanda házirgi kúnde 2023-2024-oqıw jılı boyınsha esaplaytuǵın bolsaq, 752 ulıwma bilim beriw mektepleri (3 ewi mámleketlik emes, Nókis qalasında 1, Nókis rayonında 1 ew, Tórtkúl rayonında 1ew) bar ekenligi málim boldı. Ǵárezsizligimizdiń dáslepki jıllarında, anıǵıraǵı 1990-1991-oqıw jıllarında mektepler sanı 692 bolǵan. Demek ótken 33 jıl dawamında olardıń sanı 60 qa jetken [5.]

Sonın menen birge jas áwladtı kórkem ónerge qızıqtırıw, qábiletli jaslardı tarbiyalaw maqsetinde Qaraqalpaqstanda onlaǵan "Balalar muzıka hám kórkem óner" mektepleri shólkemlestirildi. Bul mekteplerde házirgi kúnde mınlaǵan jaslarımız belgili ustazlardan bilim almaqta. Kórkem óner – insannıń ruwxıy dunyası menen dóretiwshilik qábiletiniń miywesi esaplanadı. Jas áwladtı, mektep oqıwshıları bilim beriw menen bir qatarda kórkem ónerge qızıqtırıw arqalı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalaw pedagogtan úlken sheberlikti talap etedi. Ózine tán qábilyeti joq bolǵan insan bolıwı múmkin emes, tek ǵana sol qabilyetti júzege shıǵarıwda jas áwladqa durıs baǵdar kórsete alıw úlken mashqala esaplanadı. Kórkem óner degenimizde kórkem ónerdiń ózin keń mánide hám tar mánide túsiniwimiz múmkin. Keń mánide kórkem óner tómendegi túrlerge bólinedi:

1. Kórkem ádebiyat
2. Kino óner
3. Skulptura
4. Teatr óneri
5. Muzika kórkem óneri.

Al, tar mánide bolsa, tek ǵana súwretlew ónerin túsiniwimiz múmkin. Súwretlew óneride óz-ózinen kompozitsiyanıń mazmunına qarap shaqapshalarǵa bólinip ketedi.

Mekteplerde oqıwshılarǵa sabaqlar hár kúnlik reje boyınsha hám klastan tıs sabaqlar tárizinde ótiledi. Baslawısh klasslarda bilimlendiriw standartlarına muwapıq súwret sabaǵi háptesine 1 márte ótiledi. Olardı súwretlew óneri páni boyınsha tereńirek bilimge iye bolıw ushın klastan tıs sabaqlar ótiliwi lazım. Bárshemizge málim, baslawısh klass oqıwshılarına kúnine 4 saattan artıq sabaq ótilmeydi. Biziń pikirimizshe, oqıwshılardı súwretlew ónerine qızıqtırıw ushın klastan tıs sabaqlar ótiw yáki qosımsha dógereklerge beriw baslawısh klastı tamamlaǵannan soń ámelge asırǵan maqul dep oylaymız.Izertlewlerimiz nátiyjesinde biz, Qaraózek rayonınıń 21-sanlı mektebinde baslawısh klaslarǵa "Súwret" pánin ótiw boyınsha usınıslar islep shıqtıq. Mekteptiń 1-klass oqıwshıları ushın I sherek dawamında tómendegi temalar boyınsha sabaqlar ótiledi:

- Súwretlew ónerinde paydalanılatuǵın is quralları;
- Sızıqtıń túrleri;
- Qızıqlı deneler (figuralar);
- Quwnaq sanlar;
- Ayqulaq reńleri;
- Reń hám gúller;
- Japıraqlardıń súwretin salıw;
- "Gúz jemisleri" temasında súwret salıw;
- "Baǵdaǵı kirpitiken" temasında súwret salıw.

Pánge tiyisli bolǵan temalar ańsatınan basqıshpa-basqısh quramalı bolıp ózgere beredi.

Súwret páni muǵallimi klasqa kirgennen soń, oqıwshılardıń qatnasın anıqlap, shólkemlestiriw jumısların ámelge asıradı. Onnan soń óziniń pedagogikalıq sheberligine tayanǵan halda tanısıw sabaǵın baslap jiberedi. Dáslep oqıwshılarǵa elimizde ámelge asırılıp atırǵan jańalanıwlar haqqında aytıp, sabaq penen baylanıstırıp dawam etedi. Íssı kartoshka usılınan paydalanǵan halda oqıwshılar menen tanısadı. Yaǵnıy muǵallim qaǵazdan jasalǵandan jasalǵan kishkene toptı qolına uslap óziniń atın aytıp, oqıwshılarǵa qaqshıp alıwdı usınıs etip, oqıwshılardıń atların bilip aladı. Solay etip sabaq oyın tárizinde ótiledi. Pán boyınsha dáslepki tema: "Súwretlew ónerinde paydalanılatuǵın is quralları" dep atalǵan bolıp, oqıwshılarǵa súwretlew ónerinde paydalanılatuǵın súwret dápteri, albom, qara qálem, óshirgish, reńli qálemler, kist, akvarel boyawı, marker, flomasterler haqqında túsindiredi. Sonıń menen birge muǵallim bul súwretlew óneri páni qurallarınan tek ǵana sabaq waqtında paydalanıw kerekligin, qálemler menen kiyimlerge, kitaplarǵa, diywallarǵa sızıwǵa bolmaytuǵınlıǵın aytıp túsinik beredi. Pán muǵallimi oqıwshılardıń bilimin bekkemlew maqsetinde, súwret sızıw qurallarıńıń atların tákirar soraydı. Sorawlarǵa juwap bergen oqıwshılardı bolsa, muǵallim bárakella, júda jaqsı dep marapatlaydı.

Muǵallim sabaq dawamında oqıwshılardıń bilimin bahalaw maqsetinde erkin temada qara qálemnen paydalanǵan halda súwret sızıw tapsırmasın beredi. Berilgen tapsırmanı orınlaǵan oqıwshılar muǵallim tárepinen bahalanadı. Sabaq juwmaǵında oqıwshılardıń bahaları oqıp esittiriledi. Úyge tapsırma berilip, sabaq protsessi juwmaqlanadı.

Sherek dawamında berilgen temalardı pán muǵallimi óziniń pedagogikalıq sheberligine tayanǵan halda ózgeshe usıllarda ótsede boladı. Sebebi, muǵallimniń pedagogikalıq sheberligi qatań bir orında qalǵan nárse emes, ózgeriske ushırap, tolıqtırılıp barıladı. Oqıtıwshınıń sheberligi ózi ótetuǵın pándi biliwden baslanadı. Danıshpan alımlardan Al-Farabiy jas áwlad tárbiyasında ustazdiń ornı haqqında bılay deydi:

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



"Ustaz… jaratılısınan ózine aytılǵanınıń bárin jetik túsingen, kórgen, esitken jáne ańǵarǵan nárselerdiń bárin yadında saqlaytuǵın aqıl iyesi…Sózge sheshen, óner bilimge qushtar, judá qanaatlı janı taza, ar-namısın ardaqlaytuǵın, jaqınına da, jatına da, ádil… jurtınıń bárine jaqsılıq penen úlgi kórsetip, qorqınısh penen jasqanıw degendi bilmeytuǵın batır, er júrek bolıwı kerek" - degen edi [6.]

Sonlıqtan súwret páni muǵallimi oqıwshılardı kórkem óner arqalı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalawı zárur. Jánede oqıwshılardı estetikalıq jaqtan ósiwine úles qosıwı zárúr. Usı orında estetikalıq tárbiya degenimiz ne? – degen sorawǵa juwap izleymiz. Ilimpazlardan Sh.O.Qallıqlıshov: "Estetikalıq tárbiya- estetikalıq tárbiya; oqıwshılardıń tabiyattaǵı jámiyettegi, kórkem ónerdegi, adamlar minez qulıqlarındaǵı gózzallıqtı durıs qabıllawın, túsiniw uqıplılıqların payda etiwshi hám rawajlanıwın támiynlewshi tárbiyanıń bir túri" – deydi [7.]

Francuz filosofı Deni Didro :"Qaysı bir mámlekette súwret salıwdı oqıw hám jazıw sıyaqlı bilse, bul mámleket hámme tarawlarda hárqanday mámleketten ozıp ketedi hám artta qaldıradı" - degen edi. Demek solay eken, súwret páni muǵallimi oqıwshılarǵa bilim beriwde pedagogikalıq sheberligin iske salıwı tiyis.

Ulıwmalastırıp aytqanda, mektep oqıwshıların súwretlew óneri arqalı estetikalıq tarbiyalawda pedagogtan úlken juwapkershilik talap etiledi. Usı orında kórkem ónerge balalardı ele de qızıqtırıw boyınsha tómendegi usınıslardı bildirip ótiwdi orınlı dep oylayman:

*birinshiden,* pán muǵallimi óz ústinde kóbirek izleniwler alıp barıwı zárúr;

*ekinshiden,* mekteplerde súwretlew óneri sabaǵı boyınsha tereńirek bilim beriw maqsetinde dógerekler shólkemlestiriw;

*úshinshiden,* oqıwshılardıń pánge bolǵan qızıǵıwshılıǵın ele de asırıw maqsetinde oqıwshılar arasında tańlawlar ótkeriw - keleshekte óziniń unamlı natiyjesin kórsetedi.

**Ádebiyatlar**


1. https://uz.wikipedia.org/wiki/Maktab
2. https://uz.wikipedia.org/wiki/Jadidchilik
3. www.lex.uz Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining qarori, 30.05.2024 yildagi PQ-201-son qarori
4. www.lex.uz Oʻzbekiston Respublikasining Qonuni, 23.09.2020 yildagi OʻRQ-637-son
5. I.R.Turdımuratov., K.K.Uzakbayev., "Qoraqalpogʻistonda umumtaʼlim tizimining rivojlanishi va joylashuv xususiyatlari"; Перспективы развития отраслей народного хозяйство в Бассейне Аральского моря в условиях глобалных климатических изменении; научно-теоретическая конференция международная; academicsbook.com betler-282-288.
6. J. Bazarbaev. «Ustazlıq ilahiy qádiriyat». /«Ustaz jolı» gazetası, 3-noyabr 2012-jıl
7. R.Hasanov., "Súwretlew óneri"., 1-klass ushın sabaqlıq., - T.: G'.G'ulom atindag'i baspa-poligrefiya do'retwshilik u'yi, 2008. – 55 b.


**REZYUME**. Maqolada yosh avlodni estetik tarbiyalashda san'atning ahamiyati va fan o'qituvchilarining pedagogic mahorati haqqida fikir bildirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается важность искусства в эстетическом воспитании молодого поколения и педагогическое мастерство учителя-предметника.

**SUMMARY**. The article examines the importance of art in the aesthetic education of the younger generation and the pedagogical skills of a subject teacher.